

Responsablite

Kisa k ap pase apre yo fin fè yon plent?

N ap mennen ankèt sou tout plent ki gen pou wè ak asèlman oswa entimidasyon.

Y ap enfòme ni paran elèv ki sanse viktim lan ni paran elèv yo akize a sou rezilta investigasyon an (ki dwe adapte ak egzijans sou konfidansyalite ki anviyè yo).

Pou aplike Règleman Chanselye A-443, si kondwit la se yon vyolasyon Kòd disiplin lan, n ap pran mezi apwopriye kòm pinisyon.

Si konpòtman an reprezante yon aktivite kriminel, n ap kontakte lapolis.

Lè l nesèsè, n ap ofri sesyon konsèy endividyèl oswa sesyon konsèy angwoup.

Ki èd ki genyen pou viktim entimidasyon?

Konseye lekòl yo disponib pou ofri sèvis konsèy.



Michael R. Bloomberg
Majistra

Dennis M. Walcott
Chanselye

Lekòl la entèdi yo fè vanjans kont moun ki rapòte yon ensidan sou asèlman oswa sou diskriminasyon oswa kont moun ki bay èd nan yon ankèt. Elèv ki kwè yon moun atake li pou fè vanjans, dwe kontakte yon sipèvizè lekòl la imedyatman.

Si w bezwen plis èd, ou kapab voye yon imèl nan
- RespectForAll@schools.nyc.gov

Konfidansyalite : Lekòl leta nan vil Nouyòk gen règleman pou respekte vi prive, e pou kenbe sekre non tout moun ak temwen ki gen pou wè ak plent yo fè dapre règleman sa a. Men, kèk fwa nou oblije revele enfòmasyon pou nou rive rezoud yon plent. Kidonk, nou ka revele nan sikonstans apwopriye enfòmasyon ki gen pou wè ak yon plent, ba moun ki bezwen ransèyman.

NYCDOE

Respè pou tout Moun

Fè lekòl leta vil
Nouyòk ansekirite ak
favorab pou tout elèv



Respè pou tout moun nan Lekòl leta vil Nouyòk

Chak elèv, gwoup pwofesè ak manm pèsonèl ki nan lekòl leta nan vil Nouyòk pote nan kominote lekòl nou an richès divèsite kiltirèl vil nou ak dezi pou tout moun jwenn respè.

Kòd Disiplin vil la pou lekòl leta nan vil Nouyòk entèdi asèlman, epi li entèdi elèv yo fè zak brital sou lòt elèv oswa pou entimide lòt elèv pou okenn rezon. Kòd disiplin lan entèdi pou gen vye plezantri ki fèt oswa entimidasyon oubyen toude, epi li entèdi

Respè : apresyasyon pou valè yon moun oswa sans valè li oswa ekselans li; bon jan akseptasyon oswa koutwazi; respè pou diyite karaktè yon lòt moun; rekonesans; kondisyon pou jwenn apresyasyon ak lonè; pou montre respè oswa konsiderasyon pou yon lòt moun.

moun itilize ti non jwèt oswa move pawòl konsènan ras, koulè, etnisite, orijin nasyonal (gwoup elèv ki soti nan yon peyi, ki gen menm zansèt, menm eritaj, menm eksperyans oswa

sa yo ki sòti nan menm peyi), sitwayènte/kondisyon imigrasyon, relijyon, sèks (gason oswa fi), idantite dapre sèks, fason li ekspri seksyèlman, preferans seksyèl, oswa andikap. Règleman sa a anvigè nan lokal lekòl la, nan otobis lekòl la ak nan tout aktivite, pwogram ak evènman lekòl la sipòte.

W ap jwenn yon kopi Règleman Chanselye yo (www.nyc.gov/schools/RulesPolicies/ChancellorsRegulations) ak Kòd Disiplin lan (www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole) nan biwo direktè lekòl la oswa sou Entènèt.

Kisa k ap pase yon elèv ki fè diskriminasyon kont yon lòt elèv oswa ki fè asèlman sou yon lòt elèv?

Kòd disiplin Depatman Edikasyon an entèdi konpòtman sa a. Elèv ki vyole Kòd Disiplin vil la kapab sibi mezi disiplinè ki apwopriye jan sa endike nan Kòd Disiplin lan ak nan Règleman A-443 Chanselye a.

Ki konpòtman yo konsidere kòm asèlman oswa diskriminasyon?

Kompòtman asèlman oswa diskriminasyon se yon zak oswa plizyè zak negatif youn oswa plizyè elèv fè kont yon lòt elèv oswa kont yon gwoup elèv. Asèlman oswa diskriminasyon kapab fizik, vèbal oswa sosyal. Asèlman **fizik** gen pou wè ak domaj fizik oswa menas pou fè domaj. Asèlman **vèbal** gen pou wè ak anmède yon moun, fè move plezantri ak moun lan oswa ensilte moun lan. Asèlman **sosyal** gen pou wè ak rejè oswa esklizyon kamarad klas pratike pou imilye oswa izole yon moun.

Ki kèk egzanp konpòtman yo entèdi?

- Menas oswa asèlman, entimidasyon oswa atak fizik sou yon lòt moun akòz ras moun lan, koulè li, etnisite li, relijyon li, peyi kote li sòti, sèks li, idantite l dapre sèks li, fason li ekspri seksyèlman, oryantasyon seksyèl li, sitwayènte/kondisyon imigrasyon li, gwosè li, aparans fizik li oswa andikap li genyen.
- Langaj dezagreyab, oswa blag denigran oswa bay vye non oswa ensilte konsènan ras yon lòt elèv, koulè li, etnisite li, peyi kote li sòti, relijyon li, sèks li, idantite l dapre sèks li, fason li ekspri seksyèlman, oryantasyon seksyèl li, sitwayènte/kondisyon imigrasyon li, gwosè li, aparans fizik li oswa andikap li genyen.
- Anmède yon lòt elèv oswa fawouche li.
- Dokiman ekri oswa grafik, tankou grafiti, ki gen kòmantè oswa estereyotip pou swa afiche, sikile nan lekòl la oswa ekri oswa enprime sou rad, oswa pou fè sikile sou Entènèt (cyber-entimidasyon) ki degradan pou lòt moun, akòz ras li, koulè li, etnisite, relijyon, sèks, idantite l dapre sèks li, fason li ekspri seksyèlman, oryantasyon seksyèl li, sitwayènte/kondisyon imigrasyon li, gwosè li, aparans fizik li oswa andikap li genyen.
- Estereyotip negatif oswa zak entimidasyon ki degradan pou lòt moun akòz ras li, koulè li, etnisite, relijyon, sèks, idantite dapre sèks li, fason li ekspri seksyèlman, oryantasyon seksyèl li, sitwayènte/kondisyon imigrasyon li, gwosè li, aparans fizik li oswa andikap li genyen.

Kisa w ta dwe fè si w kwè yon lòt elèv arase ou oswa fè diskriminasyon kont ou oswa si w ta temwen kalite konpòtman sa a?

Elèv ki kwè yo se viktim yon konpòtman sovaj oswa entimidasyon yon lòt elèv, epi tout elèv ki wè oswa ki konnen kalite konpòtman sa a, dwe rapòte ensidan an ba yon manm pèsonèl lekòl la imedyatman.

- Ou kapab pote plent pou diskriminasyon oswa asèlman alekri oswa aloral ba manm pèsonèl lekòl la ki nan lis yo afiche nan lekòl ou a **Respè pou tout moun**, epitou w ap jwenn afich sa a toupatou nan lekòl la oswa ou kapab mande nenpòt manm pèsonèl pou fè w jwenn yon kopi afich la.
- Ou dwe pote plent imedyatman apre ensidan an (yo) pou yo kapab mennen yon bon ankèt sou li epi konsidere l.
- Manm pèsonèl lekòl la ap transmèt plent elèv yo ba sipèvizè apwopriye lekòl la.
- Manm pèsonèl lekòl la ki temwen konpòtman asèlman oswa konpòtman diskriminasyon an ap rapòte tou yon kalite ensidan sa a ba sipèvizè apwopriye lekòl la. Manm pèsonèl la ap pran mezi apwopriye pou fè entèvansyon pou mete yon fen nan kalite konpòtman sa a.

Tanpri al gade afich “Respè Pou Tout Moun” ki toupatou nan lekòl ou a pou konnen ki manm pèsonèl lekòl ki la pou tout plent elèv pote kont elèv pou konpòtman ki gen pou wè ak asèlman oswa diskriminasyon.